# المأثورات

الحزب اليومي

# Ал-Маъсу́ра́т

## ХIора дийнахь доьшу зикр (вирд)

Гочдархо:
Адама Султана Олхазар

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَـٰنِ ٱلرَّحِيمِ

Хастам бу Сийлахь Лекха волчу АллахIана. Хастам бу Цунна, Цо мел кхоьллина долу хIума санна дукха, Цуьнан Iаршан дозалла санна дукха, Иза ша реза волччул.

Делера уггар деза салават а, салам а хуьлда Дала Iаламашна къинхетам бина ваийтина волчу Цуьнан Элчанна Мухьаммад пайхамарна а, цуьнан охIлунна а, цуьнан асхьабашна а, къемат де кхаччалц нийсонца цунна тIаьхьаваьзначунна а.

Дела хьахор чIогIа доккха маьIна долуш хIума ду бусалба стеган дахарехь. Къаьсттина таханлерачу хенахь, цхьаболу бусалба нах шайн динна гена бовлуш лаьттачу хенахь, вуьйжаш шайн динах шаьш бовларна кхоьруш, Делаца йолу юкъаметтиг чIагIйан гIерташ, шайна Дела реза хир волу некъаш лоьхуш лелачу хенахь – Дала ишттанаш сов бохийла, со а, сан массо гергарнаш, суна дукха мел безарш а церах а бойла.

Ткъа, Дела хьахор оцу шинне тайпанарчу нахана уггар гIоли хIума ду, дегнашна синтем беш хIума ду, Дела даим дагахь латтош долу хIума ду, цуьнан охIлу верг цкъа а эшаме хир воцу хIума ду.

Цундела, Iуьйранна а, суьйранна а зикр дан а, вирд даккха а лууш волчунна гIо хилийта хIара жима жайна къастийна гочдира ас, Iаьрбийн мотт цахууш волчунна ша доьшург хIун ду хаийта а, ша доьшург Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – дозаллехь муха дийцина хаийта а.

Нагахь санна шен дахарехь шена тIеIитталуш долчу цхьацца хьолашкахь вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – хIун олуш хилла, я муха зикр деш хилла хаа лууччо шеца леладойла «Бусалба стеган гIап» аьлла цIе йолу жайна, хIоккхул хьалха ас вайн матте даьккхина долу.

ТIаьххьара Деле доIа дан луур дара суна, хIара доьшур долчаьрга дехар дан а луур дара суна:

Йа АллахI! Везан Дела, хIокху жайни тIехь суна гIо динчарна – гIалатлонашна толлуш, гочдарехь гIолийниг олуш, массо кхин долчу хIуманна тIехь а – Хьайн диканца бекхам бе Ахь, царна ялсаманехь гIолий дарж а ло Ахь;

ХIокху жайни тIе мел хьожуш волчуьнга доьху ас, ша вайн Везчу Деле доIа дечу хенахь со а, хIара жайна яздинарг а шен доIийна юкъалацар, Деле гечдар дехар, цкъа бен иза шена дага ца дагIахь а.

Делера салам-маршалла хуьлда вайн Пайхамарна Мухьаммадна а, цуьнан охIлунна а, цуьнан асхьабашна а, массарна а.

Гочдархо: Адама Султана Олхазар
Мединат
1425 хI – 2004 ш.

*Массо бусалба нахе кховда бо ас хIара болх, Беркате а, Лекха а волчу АллахIана муьтIахь хиларехь царна хIоккхунах гIо хилийта. Iуьйранна Iуьйра ламаз динчул тIаьхьа делкъа хан кхаччалц а, суьйранна малхбуза ламазал тIаьхьа пхьуьйра ламазал тIаьхьа кхаччалц а доьшуш ду хIара зикр, хIораммо ша цхьаъ волуш а, йа жамаIатца цхьана вовшахкхетта долуш а. Нагахь санна хьайга хIара ша дерг цадешалахь, хIоккхунах цхьадерг мукъане а цадоьшуш ма Iайла хьо – хIай бусалба стаг – айхьа хIора дийнахь деш долу зикр а, доккху вирд а дан ца дайта, тесна а ца хилийта.*

*Ас Деле доьху сайна а, массо бусалба нахана дика тавфикъ далар, кхачаме нийса куьйгалла а далар. Кхин а ас доьху бусалба нахе шайн дикчу доIийна юкъара со ца ваккхар, ша цхьаммо деш долчу доIийна а, массара цхьане деш долчу доIина а.*

*Делера салават а, салам-маршалла а хуьлда вай Элана Мухьаммадна а, цуьнан охIлунна а, цуьнан асхьабашна а.*

*Рамадан, 1355 шо / хIижратан терахьца.*

*Жайна яздинарг: Ибнул Банна Асса́Iа́тий.*

أَعُوذُ بِاللَّهِ السَّمِيعِ العَلِيمِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ

﴿ بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ ١ ٱلۡحَمۡدُ لِلَّهِ رَبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ٢ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ ٣ مَٰلِكِ يَوۡمِ ٱلدِّينِ ٤ إِيَّاكَ نَعۡبُدُ وَإِيَّاكَ
نَسۡتَعِينُ ٥ ٱهۡدِنَا ٱلصِّرَٰطَ ٱلۡمُسۡتَقِيمَ ٦ صِرَٰطَ ٱلَّذِينَ أَنۡعَمۡتَ عَلَيۡهِمۡ غَيۡرِ ٱلۡمَغۡضُوبِ عَلَيۡهِمۡ وَلَا ٱلضَّآلِّينَ ٧ ﴾

➤Хезаш а, Хууш а волчу АллахIаца ларло со, Цо шена гена даьккхинчу шайтIанах![1] Къинхетаме а, къинхетам беш а волчу АллахIан цIарца доладо ас! Хастам бу АллахIана, Iаламийн дена! Къинхетаме волчу, къинхетам беш а волчу! Бекхаман дийнан да а волчу! Хьуна цхьанна Iибадат до оха, Хьоьгара цхьангара гIо а доьху оха! Нийсачу некъа тIе нис де Ахь тхо! Айхьа ниIмат динчеран некъа тIе, шайна тIехь оьгIазло йолчеран новкъа а доцуш, тиллачеран новкъа а доцуш!➤[2]

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

﴿ الٓمٓ ١ ذَٰلِكَ ٱلۡكِتَٰبُ لَا رَيۡبَۛ فِيهِۛ هُدٗى لِّلۡمُتَّقِينَ ٢ ٱلَّذِينَ يُؤۡمِنُونَ بِٱلۡغَيۡبِ وَيُقِيمُونَ ٱلصَّلَوٰةَ وَمِمَّا رَزَقۡنَٰهُمۡ يُنفِقُونَ ٣
وَٱلَّذِينَ يُؤۡمِنُونَ بِمَآ أُنزِلَ إِلَيۡكَ وَمَآ أُنزِلَ مِن قَبۡلِكَ وَبِٱلۡأٓخِرَةِ هُمۡ يُوقِنُونَ ٤ أُوْلَٰٓئِكَ عَلَىٰ هُدٗى مِّن رَّبِّهِمۡۖ وَأُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡمُفۡلِحُونَ
٥ ﴾

➤Къинхетаме а, къинхетам беш а волчу АллахIан цIарца!
Алиф Ла́м Ми́м! ХIара жайна (Къуръан) – шеко яц цу чохь – куьйгалла ду (Делах) кхоьруш болчарна! Къайлах долчунах теша а тешаш, ламаз а деш, Оха шайна деллачу рицкъанах сагIа а луш болчарна! Шаьш тешаш болчарна хьуна тIедоссийначух а, хьол хьалха доссийначух а; билггал эхартах а тешаш! Уьш бу шайн Делера йолчу нийсонна тIехь, уьш бу декъал хилларш а!➤[3]

﴿ ٱللَّهُ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ٱلۡحَيُّ ٱلۡقَيُّومُۚ لَا تَأۡخُذُهُۥ سِنَةٞ وَلَا نَوۡمٞۚ لَّهُۥ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِي ٱلۡأَرۡضِۗ مَن ذَا ٱلَّذِي يَشۡفَعُ عِندَهُۥٓ إِلَّا بِإِذۡنِهِۦۚ
يَعۡلَمُ مَا بَيۡنَ أَيۡدِيهِمۡ وَمَا خَلۡفَهُمۡۖ وَلَا يُحِيطُونَ بِشَيۡءٖ مِّنۡ عِلۡمِهِۦٓ إِلَّا بِمَا شَآءَۚ وَسِعَ كُرۡسِيُّهُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضَۖ وَلَا يَـُٔودُهُۥ
حِفۡظُهُمَاۚ وَهُوَ ٱلۡعَلِيُّ ٱلۡعَظِيمُ ٢٥٥ لَآ إِكۡرَاهَ فِي ٱلدِّينِۖ قَد تَّبَيَّنَ ٱلرُّشۡدُ مِنَ ٱلۡغَيِّۚ فَمَن يَكۡفُرۡ بِٱلطَّٰغُوتِ وَيُؤۡمِنۢ بِٱللَّهِ فَقَدِ ٱسۡتَمۡسَكَ
بِٱلۡعُرۡوَةِ ٱلۡوُثۡقَىٰ لَا ٱنفِصَامَ لَهَاۗ وَٱللَّهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ٢٥٦ ٱللَّهُ وَلِيُّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ يُخۡرِجُهُم مِّنَ ٱلظُّلُمَٰتِ إِلَى ٱلنُّورِۖ وَٱلَّذِينَ كَفَرُوٓاْ
أَوۡلِيَآؤُهُمُ ٱلطَّٰغُوتُ يُخۡرِجُونَهُم مِّنَ ٱلنُّورِ إِلَى ٱلظُّلُمَٰتِۗ أُوْلَٰٓئِكَ أَصۡحَٰبُ ٱلنَّارِۖ هُمۡ فِيهَا خَٰلِدُونَ ٢٥٧ ﴾

➤АллахI – Иза воцург кхин Дела вац, Дийна верг ву Иза, даим волуш а ву Иза, наб озор а ца хуьлу Цуьнан, наб кхета а ца кхета Цунна, Цуьнан ду стигланашкахь а, льтта тIехь а дерг, мила ву Цунна гергахь шафаIат дийр дерг, Цуьнан пурбанца бен? царна хьалха дерг а хаьа Цунна, царна тIехьа дерг а (хаьа Цунна), Цуьнан Iилманах цхьа а хIума ца хаьа царна – Цунна лиънaчунна бен, стигланаш а, латта а чулаьцна ду Цуьнан «курсийй», и шиъ лардаро хало а ца йо Цунна, Лекха верг а, Воккха верг а ву Иза. Дегаза дин тIелацийтар (мегаш) дац, билгалъялла нийсо тиларха, ткъа тIагIутаца керста а дина (иза Iад а дитина) АллахIаца иман диллинарг (Цуьнах тешнарг) - иза хили чIогIачу, ондачу, хедар доцучу дазарехь (Исламехь), АллахI Хезаш а Хууш а ву. АллахI ву (Шех) тешаш болчеран доладийриг. Цо уьш арабоху боданашкара серлонга. Ткъа (Делах) ца тешаш берш – церан доладийриг (доттагI) тIагIут (шайтIа) ду, цара уьш ара боху

серлонгара боданашка; уьш бу (жоьжахатин) цӏеран дай, шаьш даиманна цу чохь хир болуш➢

﴿ لِلَّهِ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِي ٱلْأَرْضِ ۗ وَإِن تُبْدُوا۟ مَا فِيٓ أَنفُسِكُمْ أَوْ تُخْفُوهُ يُحَاسِبْكُم بِهِ ٱللَّهُ ۖ فَيَغْفِرُ لِمَن يَشَآءُ وَيُعَذِّبُ مَن يَشَآءُ ۗ وَٱللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿٢٨٤﴾ ءَامَنَ ٱلرَّسُولُ بِمَآ أُنزِلَ إِلَيْهِ مِن رَّبِّهِۦ وَٱلْمُؤْمِنُونَ ۚ كُلٌّ ءَامَنَ بِٱللَّهِ وَمَلَٰٓئِكَتِهِۦ وَكُتُبِهِۦ وَرُسُلِهِۦ لَا نُفَرِّقُ بَيْنَ أَحَدٍ مِّن رُّسُلِهِۦ ۚ وَقَالُوا۟ سَمِعْنَا وَأَطَعْنَا ۖ غُفْرَانَكَ رَبَّنَا وَإِلَيْكَ ٱلْمَصِيرُ ﴿٢٨٥﴾ لَا يُكَلِّفُ ٱللَّهُ نَفْسًا إِلَّا وُسْعَهَا ۚ لَهَا مَا كَسَبَتْ وَعَلَيْهَا مَا ٱكْتَسَبَتْ ۗ رَبَّنَا لَا تُؤَاخِذْنَآ إِن نَّسِينَآ أَوْ أَخْطَأْنَا ۚ رَبَّنَا وَلَا تَحْمِلْ عَلَيْنَآ إِصْرًا كَمَا حَمَلْتَهُۥ عَلَى ٱلَّذِينَ مِن قَبْلِنَا ۚ رَبَّنَا وَلَا تُحَمِّلْنَا مَا لَا طَاقَةَ لَنَا بِهِۦ ۖ وَٱعْفُ عَنَّا وَٱغْفِرْ لَنَا وَٱرْحَمْنَآ ۚ أَنتَ مَوْلَىٰنَا فَٱنصُرْنَا عَلَى ٱلْقَوْمِ ٱلْكَٰفِرِينَ ﴿٢٨٦﴾ ﴾

➢АллахӀан ду стигланашкахь дерг а, латтта тӀехь дерг а; ткъа аш шайн дагахь дерг гучудаьkkхича а, йа цадаьkkхича Дала цунна хьесап дийр ду шуна, Шена луучунна гечдийр ду цо, Шена луучунна Ӏазап а дийр ду, АллахӀ массо хӀуманна тӀехь ницкъ кхочуш а ву! Элча тешна шена шен Делера доссийначух, иштта Ийман диллинарш а, массо уьш тешна АллахӀах а, Цуьнан малийкех а, Цуьнан жайнех а, Цуьнан элчанех а; (цара олу) оха къестам ца бо Цуьнан цхьа а элчанашна юккъахь, (кхин а) аьлла цара: тхуна хаза а хезна, тхо муьтӀахь а хилла; хӀай тхан Дела, Хьоьга гечдар доьху оха, дерзар Хьоьга а ду тхан. АллахӀа адамана тӀе ца дуьллу цуьнан ницкъ ца кхочург; цунна (пайденна) хир ду цо динарг (иза дика делахь), цунна доьхьал а хир ду цо динарг (иза вон делахь); хӀай тхан Дела, тхоьгара бехк ма баккха Ахь тхо дицделлачунна, йа тхо галдоьвллачунна (тхоьгара даьллачунна); хӀай тхан Дела, тхуна тӀе ма яхка Ахь хала Ӏамалш, Айхьа тхол хьалха хиллачарна (Хьайна Ӏеса хиллачарна) тӀе ма йаxккара, тхан ницкъ кхочур боцург а ма дилла Ахь тхуна тӀе, тхан къинош дӀа а айде Ахь тхуна тӀера, тхуна геч а де Ахь, тхох къинхетам а бе Ахь, Хьо тхан Эла ву, ткъа Ахь гӀо дехьа тхуна керста нахана доьхьал➢.

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

﴿ الٓمٓ ﴿١﴾ ٱللَّهُ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ٱلْحَيُّ ٱلْقَيُّومُ ﴿٢﴾ ۞ وَعَنَتِ ٱلْوُجُوهُ لِلْحَيِّ ٱلْقَيُّومِ ۖ وَقَدْ خَابَ مَنْ حَمَلَ ظُلْمًا ﴿١١١﴾ وَمَن يَعْمَلْ مِنَ ٱلصَّٰلِحَٰتِ وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَلَا يَخَافُ ظُلْمًا وَلَا هَضْمًا ﴿١١٢﴾ ﴾

Къинхетаме а, къинхетам беш а волчу АллахӀан цӀарца!
➢Алиф Лáм Мúм! АллахӀ – Иза воцург кхин Дела вац, Дийна верг ву Иза, даим волуш а ву Иза! МукӀарлонца муьтӀахь хилла (адамийн) яххьаш Дийна волчунна, даим волуш волчунна (АллахӀана), ткъа ша зулам дохьуш верг эшаме а хилла. Амма ша дика Ӏамалш йинарг – ша Делах тешаш а волуш – иза кхоьруш вац зуламах (шен вон хӀумнаш совдахархь) а, йа шен дикчу Ӏамалшна эшам барх а!➢[4]

﴿ حَسْبِىَ ٱللَّهُ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ۖ عَلَيْهِ تَوَكَّلْتُ ۖ وَهُوَ رَبُّ ٱلْعَرْشِ ٱلْعَظِيمِ ﴿١٢٩﴾ ﴾

➢АллахӀ кхачаме ву суна, Иза воцург кхин Дела вац, болх Цунна тӀе билли ас, Иза – доккхачу Ӏаршан Эла ву!➢[5] [ворхӀазза доьшур ду]

﴿ قُلِ ٱدْعُوا۟ ٱللَّهَ أَوِ ٱدْعُوا۟ ٱلرَّحْمَـٰنَ ۖ أَيًّا مَّا تَدْعُوا۟ فَلَهُ ٱلْأَسْمَآءُ ٱلْحُسْنَىٰ ۚ وَلَا تَجْهَرْ بِصَلَاتِكَ وَلَا تُخَافِتْ بِهَا وَٱبْتَغِ بَيْنَ ذَٰلِكَ سَبِيلًا (١١٠)
وَقُلِ ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ ٱلَّذِى لَمْ يَتَّخِذْ وَلَدًا وَلَمْ يَكُن لَّهُۥ شَرِيكٌ فِى ٱلْمُلْكِ وَلَمْ يَكُن لَّهُۥ وَلِىٌّ مِّنَ ٱلذُّلِّ ۖ وَكَبِّرْهُ تَكْبِيرًۢا (١١١) ﴾

◄Ахь ала: аш кхайкха АллахIе, йа аш кхайкха Къинхетаме волчуьнга, аш муьлххачу цIарца кхайкхича а (иза дика ду шуна), ткъа Цуьнан (Делан) хаза цIерш ю шуна; ткъа ахь (Мухьаммад) хьайн ламаз дукха чIогIа хезаш ма де, йа дукха къайлах (ца хозуьйтуш) а ма де, цу шинна юкъахь болчу некъаца де. Ахь ала: хастам бу АллахIана, доьзалхо лаьцна воцучу, Шен паччахьаллехь (Ша Дела хиларехь) Шеца накъост а ца хиллачу, йа Шена Ша сийсазаллех ларвайта гIоьнча а ца эшна волчу, (тIаккха юха а хIай Мухьаммад) воккха варца воккха а ве Иза (АллахIу акбар олуш)➤.[6]

﴿ أَفَحَسِبْتُمْ أَنَّمَا خَلَقْنَـٰكُمْ عَبَثًا وَأَنَّكُمْ إِلَيْنَا لَا تُرْجَعُونَ (١١٥) فَتَعَـٰلَى ٱللَّهُ ٱلْمَلِكُ ٱلْحَقُّ ۖ لَآ إِلَـٰهَ إِلَّا هُوَ رَبُّ ٱلْعَرْشِ ٱلْكَرِيمِ (١١٦) وَمَن
يَدْعُ مَعَ ٱللَّهِ إِلَـٰهًا ءَاخَرَ لَا بُرْهَـٰنَ لَهُۥ بِهِۦ فَإِنَّمَا حِسَابُهُۥ عِندَ رَبِّهِۦٓ ۚ إِنَّهُۥ لَا يُفْلِحُ ٱلْكَـٰفِرُونَ (١١٧) وَقُل رَّبِّ ٱغْفِرْ وَٱرْحَمْ وَأَنتَ خَيْرُ
ٱلرَّٰحِمِينَ (١١٨) ﴾

◄Шу моьтташ дара Оха шаьш забаренна кхоьллина, йа (шуна моьттара) шу юха Тхоьга доьрзур долуш дац? Лекха (гена) ву Паччахь верг, Бакъ верг, (АллахI, забарш ярха, эрна хIумнаш лелорха), Иза воцург кхин Дела вац, Сийлахьчу Iаршан да ву Иза. Ткъа АллахIаца кхечу деле кхойкхуш верг - шегахь цхьа тешалла а доцуш - баккъалла а цуьнан хьесап дар цуьнан Делехь ду, баккъалла а декъал хир бац керстанаш (куфр деш берш). Ахь ала: сан Эла, гечде Ахь, къинхетам а бе Ахь, Хьо ву-кх къинхетам бечарех уггар диканиг!➤[7]

﴿ فَسُبْحَـٰنَ ٱللَّهِ حِينَ تُمْسُونَ وَحِينَ تُصْبِحُونَ (١٧) وَلَهُ ٱلْحَمْدُ فِى ٱلسَّمَـٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَعَشِيًّا وَحِينَ تُظْهِرُونَ (١٨) يُخْرِجُ ٱلْحَىَّ
مِنَ ٱلْمَيِّتِ وَيُخْرِجُ ٱلْمَيِّتَ مِنَ ٱلْحَىِّ وَيُحْىِ ٱلْأَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَا ۚ وَكَذَٰلِكَ تُخْرَجُونَ (١٩) وَمِنْ ءَايَـٰتِهِۦٓ أَنْ خَلَقَكُم مِّن تُرَابٍ ثُمَّ إِذَآ أَنتُم
بَشَرٌ تَنتَشِرُونَ (٢٠) وَمِنْ ءَايَـٰتِهِۦٓ أَنْ خَلَقَ لَكُم مِّنْ أَنفُسِكُمْ أَزْوَٰجًا لِّتَسْكُنُوٓا۟ إِلَيْهَا وَجَعَلَ بَيْنَكُم مَّوَدَّةً وَرَحْمَةً ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَـَٔايَـٰتٍ
لِّقَوْمٍ يَتَفَكَّرُونَ (٢١) وَمِنْ ءَايَـٰتِهِۦ خَلْقُ ٱلسَّمَـٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَٱخْتِلَـٰفُ أَلْسِنَتِكُمْ وَأَلْوَٰنِكُمْ ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَـَٔايَـٰتٍ لِّلْعَـٰلِمِينَ (٢٢) وَمِنْ
ءَايَـٰتِهِۦ مَنَامُكُم بِٱلَّيْلِ وَٱلنَّهَارِ وَٱبْتِغَآؤُكُم مِّن فَضْلِهِۦٓ ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَـَٔايَـٰتٍ لِّقَوْمٍ يَسْمَعُونَ (٢٣) وَمِنْ ءَايَـٰتِهِۦ يُرِيكُمُ ٱلْبَرْقَ
خَوْفًا وَطَمَعًا وَيُنَزِّلُ مِنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءً فَيُحْىِۦ بِهِ ٱلْأَرْضَ بَعْدَ مَوْتِهَآ ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَـَٔايَـٰتٍ لِّقَوْمٍ يَعْقِلُونَ (٢٤) وَمِنْ ءَايَـٰتِهِۦٓ أَن
تَقُومَ ٱلسَّمَآءُ وَٱلْأَرْضُ بِأَمْرِهِۦ ۚ ثُمَّ إِذَا دَعَاكُمْ دَعْوَةً مِّنَ ٱلْأَرْضِ إِذَآ أَنتُمْ تَخْرُجُونَ (٢٥) وَلَهُۥ مَن فِى ٱلسَّمَـٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۖ كُلٌّ لَّهُۥ
قَـٰنِتُونَ (٢٦) ﴾

◄Аш хьеха ве АллахI шаьш суьйренга довлучу хенахь а, шаьш Iуьйренга довлучу хенахь а (субхьаналлахI – сийлахь цIена ву-кх АллахI олуш). Стигланашкахь а, лаьтта тIехь а хастам (беш) бу цунна, малх чубузчу хенахь а, шу делкъанга довлучу хенахь а. Веллачух дийнаниг воккху (кхуллу) Цо, дийначух дийна йоцу хIума а йоккху Цо, (дакъаделла) деллачул тIаьхьа латта а дендо Цо, иштта, (цунах терра) шу а (деллачара) схьадохур ду (кешнаш чура). Цуьнан билгалонех ду Цо шу латанах кхоллар, тIаккха шу дуьнен тIехь дIасадаржар. Цуьнан билгалонех ду Цо шуна шух шайха зударий кхоллар, шу цаьрца

паргIатонехь дахийтархьама; шуна юкъахь безам а, къинхетам а бина Цо, бакъдолуш, оцу хIумнашкахь билгалонаш ма ю ойла еш болчу нахана. Кхин а Цуьнан билгалонех ду стигланаш а, латта а кхоллар а, шун меттанаш а, беснаш а тайп-тайпана хилар а, бакъдолуш, уьш билгалонаш ма ю Iаламашна. Цуьнан билгалонех ду аш буьйсанна а, дийнахь (цхьайолчу хенахь) а наб йар, тIаккха (дийнахь) Цуьнан комаьршаллийца аш рицкъа лахар, бакъдолуш, цу чохь билгалонаш ма ю ладугIуш болчу нахана. Цуьнан билгалнех ду Цо шуна ткъес гайтар, (некъа воьдучунна) кхерамца а, (догIа даре) догдахарца а; Цо доссадо стиглара охьа хи, тIаккха Цо цуьнца дендо латта, иза (дакъаделла) деллачул тIаьхьа, бакъдолуш, цу чохь билгалонаш ма ю хьекъале болчу нахана. Кхин а Цуьнан билгалонех ду стигла а, латта а Цуьнан омрунца (лаамца) латтар; тIаккха шуьга кхайкхича, лаьттан кийрара (кешнаш чура) хьаладовла аьлла, шу сихонца арадоьвр ду. Цуьнан (АллахIан) ду стигланашкахь дерг а, лаьтта тIехь дерг а, ша-дерг Цунна муьтIахь хилла ду!➤[8]

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

﴿ حمٓ ١ تَنزِيلُ ٱلۡكِتَٰبِ مِنَ ٱللَّهِ ٱلۡعَزِيزِ ٱلۡعَلِيمِ ٢ غَافِرِ ٱلذَّنۢبِ وَقَابِلِ ٱلتَّوۡبِ شَدِيدِ ٱلۡعِقَابِ ذِي ٱلطَّوۡلِۖ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَۖ إِلَيۡهِ ٱلۡمَصِيرُ ٣ ﴾

Къинхетаме а, къинхетам беш а волчу АллахIан цIарца!
➤Хьа́ Ми́м! (ХIара) жайна (Къуръан) доссор АллахIера хилла ду, Нуьцкъала волчу, Хууш волчу! Къиношна гечдеш волчу, тоба къобал деш волчу, Iазап чIогIа долуш волчу, комаьршалла Шегахь йолуш волчу; Иза воцург кхин Дела вац, дерзар Цуьнга ду!➤[9]

﴿ هُوَ ٱللَّهُ ٱلَّذِي لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَۖ عَٰلِمُ ٱلۡغَيۡبِ وَٱلشَّهَٰدَةِۖ هُوَ ٱلرَّحۡمَٰنُ ٱلرَّحِيمُ ٢٢ هُوَ ٱللَّهُ ٱلَّذِي لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ٱلۡمَلِكُ ٱلۡقُدُّوسُ ٱلسَّلَٰمُ ٱلۡمُؤۡمِنُ ٱلۡمُهَيۡمِنُ ٱلۡعَزِيزُ ٱلۡجَبَّارُ ٱلۡمُتَكَبِّرُۚ سُبۡحَٰنَ ٱللَّهِ عَمَّا يُشۡرِكُونَ ٢٣ هُوَ ٱللَّهُ ٱلۡخَٰلِقُ ٱلۡبَارِئُ ٱلۡمُصَوِّرُۖ لَهُ ٱلۡأَسۡمَآءُ ٱلۡحُسۡنَىٰۚ يُسَبِّحُ لَهُۥ مَا فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِۖ وَهُوَ ٱلۡعَزِيزُ ٱلۡحَكِيمُ ٢٤ ﴾

➤Иза АллахI ву, Ша воцург кхин Дела воцуш волу, къайлах дерг а, гучахь дерг а хууш волу, Иза Къинхетаме верг а, къинхетам беш верг а ву! Иза АллахI ву, вац кхин Дела Иза воцург, Паччахь ву Иза, Сийлахь цIена ву Иза, берриге эшамех ЦIена верг ву Иза, Тешаме ву Иза, Шен лайшна тIехь теш ву Иза, Шеца хила хьакъ доцчу кхачамбацарех веза верг ву Иза, цIена ву АллахI цара (шеца) накъост вечух! Иза АллахI ву, Кхоллархо ву Иза, хилла доцу хIума кхуллуш верг ву Иза, куц а, сурт а хIоттош верг ву Иза, хаза цIерш ю Цуьнан, стигланашкахь дерг а, лаьтта тIехь дерг а Цунна тасбихь деш ду, Иза Нуьцкъала а, Хьекъале а ву!➤[10]

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

﴿ إِذَا زُلۡزِلَتِ ٱلۡأَرۡضُ زِلۡزَالَهَا ١ وَأَخۡرَجَتِ ٱلۡأَرۡضُ أَثۡقَالَهَا ٢ وَقَالَ ٱلۡإِنسَٰنُ مَا لَهَا ٣ يَوۡمَئِذٖ تُحَدِّثُ أَخۡبَارَهَا ٤ بِأَنَّ رَبَّكَ أَوۡحَىٰ لَهَا ٥ يَوۡمَئِذٖ يَصۡدُرُ ٱلنَّاسُ أَشۡتَاتٗا لِّيُرَوۡاْ أَعۡمَٰلَهُمۡ ٦ فَمَن يَعۡمَلۡ مِثۡقَالَ ذَرَّةٍ خَيۡرٗا يَرَهُۥ ٧ وَمَن يَعۡمَلۡ مِثۡقَالَ ذَرَّةٖ شَرّٗا يَرَهُۥ ٨ ﴾

Къинхетаме а, къинхетам беш а волчу АллахIан цIарца!
➤Латта шен дегорца дегийча! Латтано шен (кийрара) шен мохь арабаьккхича! «Цунна хIун хилла» - аьлла адамо аьлча! Цу дийнахь цо дуьйцур ду шен хабарш! Хьан Дала цунна хьехна ма-хиллара! Цу дийнахь адамаш декъаделла дIасадоьвр ду (хьесап дечу

меттера), шайн Iамалийн бекхам шайна гайтитархьама! Мискъала зарратал (цхьа жимчу буьртигал) дика динчунна – иза гур ма ду! Мискъала зарратал (цхьа жимчу буьртигал) вон хIума диначунна а – иза гур ма ду!➢[11]

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

﴿ قُلْ يَٰٓأَيُّهَا ٱلْكَٰفِرُونَ ۝١ لَآ أَعْبُدُ مَا تَعْبُدُونَ ۝٢ وَلَآ أَنتُمْ عَٰبِدُونَ مَآ أَعْبُدُ ۝٣ وَلَآ أَنَا۠ عَابِدٌ مَّا عَبَدتُّمْ ۝٤ وَلَآ أَنتُمْ عَٰبِدُونَ مَآ أَعْبُدُ ۝٥ لَكُمْ دِينُكُمْ وَلِىَ دِينِ ۝٦ ﴾

Къинхетаме а, къинхетам беш а волчу АллахIан цIарца!
➢Ахь ала: хIай АллахIах цатешаш дерш (керста нах)! Ас Iибадат (лолла) ца до аш Iибадат (лолла) дечунна! Шу а дац Iибадат деш ас Iибадат дечунна! Со а вац Iибадат деш ( йа дийр долуш) аш Iибадат динчунна! Шу а дац Iибадат деш ас Iибадат дечунна! Шун шайн дин ду, сан сайн дин ду!➢[12]

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

﴿ إِذَا جَآءَ نَصْرُ ٱللَّهِ وَٱلْفَتْحُ ۝١ وَرَأَيْتَ ٱلنَّاسَ يَدْخُلُونَ فِى دِينِ ٱللَّهِ أَفْوَاجًا ۝٢ فَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ وَٱسْتَغْفِرْهُ ۚ إِنَّهُۥ كَانَ تَوَّابًۢا ۝٣ ﴾

Къинхетаме а, къинхетам беш а волчу АллахIан цIарца!
➢Кхаьчна даьлча Делера гIо а, толам а! Хьайна байча нах Делан дине богIуш тобанашкахь! Ахь тасбихь де хьайн Далла хастам барца, Цуьнга гечдар а деха, бакъдолуш иза тоба къобал дийриг ву хьуна!➢[13]

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

﴿ قُلْ هُوَ ٱللَّهُ أَحَدٌ ۝١ ٱللَّهُ ٱلصَّمَدُ ۝٢ لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ ۝٣ وَلَمْ يَكُن لَّهُۥ كُفُوًا أَحَدٌۢ ۝٤ ﴾

Къинхетаме а, къинхетам беш а волчу АллахIан цIарца!
➢Ахь ала: Иза АллахI ву, Цхьаъ волу! Даим дийна волу, массо халкъана оьшуш волу, Шена халкъера хIумма а оьшуш воцу! Цхьа а вац Цунах схьа ваьлла, я дех-ненах схьаваьлла а вац Иза! Накъост хилла а вац Цуьнан цхьа а!➢[14] [кхозза доьшур ду]

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

﴿ قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ ٱلْفَلَقِ ۝١ مِن شَرِّ مَا خَلَقَ ۝٢ وَمِن شَرِّ غَاسِقٍ إِذَا وَقَبَ ۝٣ وَمِن شَرِّ ٱلنَّفَّٰثَٰتِ فِى ٱلْعُقَدِ ۝٤ وَمِن شَرِّ حَاسِدٍ إِذَا حَسَدَ ۝٥ ﴾

Къинхетаме а, къинхетам беш а волчу АллахIан цIарца!
➢Ахь ала: со ларло сатасаран Делаца! Цо кхоьллинчу массо хIуманан вонах! Бодане буьйса тIееъча, цуьнан вонах а! Шеддашна тIе хIупп бохучу зударийн вонах а! ХьагI йолчуьнан вонах а, цо хьагI лелочу хенахь!➢[14] [кхозза доьшур ду]

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

﴿ قُلۡ أَعُوذُ بِرَبِّ ٱلنَّاسِ ۝١ مَلِكِ ٱلنَّاسِ ۝٢ إِلَٰهِ ٱلنَّاسِ ۝٣ مِن شَرِّ ٱلۡوَسۡوَاسِ ٱلۡخَنَّاسِ ۝٤ ٱلَّذِي يُوَسۡوِسُ فِي صُدُورِ ٱلنَّاسِ ۝٥ مِنَ ٱلۡجِنَّةِ وَٱلنَّاسِ ۝٦ ﴾

Къинхетаме а, къинхетам беш а волчу АллахIан цIарца!
➤Ахь ала: со ларло Адамийн Элаца! Адамийн Паччахьца. Адамийн Делаца! Дела хьахийча гучара долучун (вонах), дагчу вон ойланаш туьйсучун вонах! Адамийн дегнаш чу вон ойланаш кхуьссуш долчу! Адамашха а, жинашха долчуьнах а!➤[14] [кхозза доьшур ду]

أَصْبَحْنَا وَأَصْبَحَ* الْمُلْكُ لِلَّه وَالْحَمْدُ لِلَّه، لا شَرِيكَ لَهُ لاَ إِلَهَ إِلاَّ هوَ وَ إِلَيْهِ النُّشُورُ.

Тхо Iуьйренга доьвлла, хIокху Iуьйранна паччахьалла АллахIан ду, хастам а бу АллахIана, накъост вац Цуьнца, Иза воцург кхин Дела вац, дерзар Цуьнга а ду.[15] [кхозза эр ду]

أَصْبَحْنَا** عَلَى فِطْرَةِ الإِسْلامِ، وَعَلَى كَلِمَةِ الإِخْلاصِ، وَعَلَى دِينِ نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ – صَلَّى اللَّه عَلَيْهِ وَ سَلَّمَ – وَعَلَى مِلَّةِ أَبِينَا إِبْرَاهِيمَ، حَنِيفاً مُسْلِماً وَمَا كَانَ مِنَ الْمُشْرِكِينَ.

Вай Iуьйренга доьвлла Бусалба дин тIехь, Ихласан (Iамал Делан доьхьа хиларан) дош тIехь а, вешан Пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – дин тIехь а, вешан ден ИбрахIиман миллат тIехь а – цхьана АллахIана Iибадат деш волу хьаниф хилла волчу, бусалба хилла волчу, АллахIаца накъост вечарах а ца хилла волчу.[16] [кхозза эр ду]

أَللَّهُمَّ إِنِّي أَصْبَحْتُ مِنْكَ فِي نِعْمَةٍ وَ عَافِيَةٍ وَ سِتْرٍ فَأَتِمَّ عَلَيَّ نِعْمَتَكَ وَ عَافِيَتَكَ وَ سِتْرَكَ فِي الدُّنْيَا وَ الآخِرَةِ.

Йа АллахI! Со Iуьйренга ваьлла Хьоьгарчу ниIматца а, къинхетамца а, Iуналлийца а, ткъа Ахь суна тIехь кхочуш дехьа Хьайн ниIмат а, къинхетам а, Iуналла а, дуьненахь а, эхартахь а.[17] [кхозза эр ду]

اللَّهُمَّ مَا أَصْبَحَ*** بِي مِنْ نِعْمَةٍ أَوْ بِأَحَدٍ مِنْ خَلْقِكَ فَمِنْكَ وَحْدَكَ لاَشَرِيكَ لَكَ، فَلَكَ الْحَمْدُ وَلَكَ الشُّكْرُ.

Йа АллахI! ХIокху Iуьйранна соьца долу ниIмат а, йа Ахь кхоьллина долчу Хьан халкъаца долу ниIмат а Хьоьгара цхьаьнгара ду, цхьа а накъост вац Хьоьца, хастам бу-кх Хьуна, шукр (баркалла) а ду-кх Хьуна![18] [кхозза эр ду]

يَا رَبِّي لَكَ الحَمْدُ كَمَا يَنْبَغِي لِجَلاَلِ وَجْهِكَ وَ عَظِيمِ سُلْطَانِكَ.

ХIай сан Дела! Хьуна хастам бу-кх, хьан юьхьан сийлахьаллийца а, хьан паччахьаллин а, ницкъан а доккхаллийца а богIуш ма-барра![19] [кхозза эр ду]

رَضِيتُ بِاللَّهِ رباًّ، وَبِالإِسْلامِ دِيناً، وَبِمُحَمَّدٍ ﷺ نَبِيًّا وَ رَسُولاً.

Со реза хили АллахI сайн Дела хиларна, Ислам сайн дин хиларна а, Мухьаммад сайн элча а, пайхамар а хиларна а![20] [кхозза эр ду]

سُبْحَانَ اللَّهِ وبِحَمْدِهِ: عَدَدَ خَلْقِهِ، وَرِضَا نَفْسِهِ، وَزِنَةَ عَرْشِهِ وَمِدَادَ كَلِمَاتِهِ.

ЦIена ву АллахI, хастам а бу Цунна: Цо кхоьллина мел долу халкъ санна дукха, Иза Ша реза волччул, Цуьнан Iарш деза хилар санна, Цуьнан (чекхдоьвр доцу) дешнаш санна дукха![21] [кхозза эр ду]

بِسْمِ اللَّهِ الَّذِي لاَ يَضُرُّ مَعَ اسْمِهِ شَيْءٌ فِي الأَرْضِ وَلاَ فِي السَّمَاءِ وَهُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ.

---

* Суьйре тIееъча «Асбахьна ва асбахьа…» бохучу дешнийн метта «Амсайна ва амсал мулку …» ала деза, ишттa нохчийн маттахь а хийца деза, «вай суьйренга доьвли, хIокху суьйранна паччахьалла а …» аьлла.

** Суьйранна «Амсайна» «Суьйренга доьвлла вай» ала деза.

*** Кхузахь а суьйранна «ма амса» ала деза.

АллахӀан цӀарца, Шен цӀарца хилча лаьттахь а, стиглахь а долчу цхьа а хӀумано зен ца деш волчу (АллахӀан цӀарца), Иза Хезаш а, Хууш а ву![22] [кхозза эр ду]

اللَّهُمَّ إِنَّا نَعُوذُ بِكَ مِنْ أَنْ نُشْرِكَ بِكَ شَيْئًا نَعْلَمُهُ وَ نَسْتَغْفِرُكَ لِمَا لاَ نَعْلَمُهُ.

Йа АллахӀ! Тхо Хьоьца ларло тхаьш Хьоьца накъост лацарх тхо хууш а долуш, оха Хьоьгара гечдар а доьху тхаьшна ца хуучунна![23] [кхозза эр ду]

أَعُوذُ بِكَلِمَاتِ اللهِ التَّامَّاتِ مِنْ شَرِّ مَا خَلَقَ.

Со ларло АллахӀан кхачаме долчу дешнашца, Цо кхоьллинчу массо хӀуманийн вонах![24] [кхозза эр ду]

اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوْذُ بِكَ مِنَ الْهَمِّ وَالحَزَنِ، وَ أَعُوْذُ بِكَ مِنَ الْعَجْزِ وَالْكَسَلِ، وَ أَعُوْذُ بِكَ مِنَ الْبُخْلِ وَالْجُبْنِ، وَ أَعُوْذُ بِكَ مِنَ غَلَبَةِ الدَّيْنِ وَقَهْرِ الرِّجَالِ .

Йа АллахӀ! Со ларло Хьоьца сингаттамах а, сагатдаларх а. Со Хьоьца ларло кӀелвисарх а, малонах а. Со Хьоьца ларло бӀаьрмецигаллех а, осалаллех а. Со Хьоьца ларло декхаро лацарх а, суна тӀехь толам баккхарх а![25] [кхозза эр ду]

اللَّهُمَّ عَافِنِي فِي بَدَنِي، اللَّهُمَّ عَافِنِي فِي سَمْعِي، اللَّهُمَّ عَافِنِي فِي بَصَرِي. (3)

اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوْذُ بِكَ مِنَ الْكُفْرِ وَالْفَقْرِ، اللَّهُمَّ إِنِّي أَعُوْذُ بِكَ مِنْ عَذَابِ القَبْرِ، لاَ إِلَهَ إِلاَّ أَنْتَ. (3)

Йа АллахӀ! Суна сан дегӀан могшалла ло Ахь, йа АллахӀ, сан хазар могаш де Ахь, йа АллахӀ, сан бӀаьрса а могаш де Ахь! [кхозза эр ду]

Йа АллахӀ! Со Хьоьца ларло керстаналлах а, къеллах а. Везан Дела! Со Хьоьца ларло кошан Ӏазапах, Хьо воцург кхин Дела вац-кх![26] [кхозза эр ду]

اللَّهُمَّ أَنْتَ رَبِّي لاَ إِلَهَ إِلاَّ أَنْتَ، خَلَقْتَنِي وَأَنَا عَبْدُكَ، وَأَنَا عَلَى عَهْدِكَ وَوَعْدِكَ مَا اسْتَطَعْتُ، أَعُوْذُ بِكَ مِنْ شَرِّ مَا صَنَعْتُ، أَبُوءُ لَكَ بِنِعْمَتِكَ عَلَيَّ، وَأَبُوءُ بِذَنْبِي، فَاغْفِرْ لِي فَإِنَّهُ لاَ يَغْفِرُ الذُّنُوبَ إِلاَّ أَنْتَ.

Йа АллахӀ! Хьо ву сан Эла, Хьо воцург кхин Дела вац, Ахь кхоьллина со, со Хьан лай ву, сайн ницкъ макхоччу Хьан ваӀд тӀехь (Хьуна муьтӀахь) ву со, со ларло Хьоьца айса динчун вонах, со къера ву Ахь суна динчу ниӀматна, со къера ву сайн къиношна а, ткъа Ахь гечдехьа суна, баккъалла а къиношна гечдеш верг Хьо бен вац-кх![27] [кхозза эр ду]

أَسْتَغْفِرُ اللَّهَ الَّذِي لاَ إِلَهَ إِلاَّ هُوَ الْحَيُّ الْقَيُّومُ وَأَتُوبُ إِلَيْهِ .

АллахӀе гечдар доьху ас, Ша воцург кхин Дела воцуш волчу, Дийна волчу, даим волуш волчу, Цуьнга тоба а до ас![28] [кхозза эр ду]

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ، كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ، وَ بَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ كَمَا بَارَكْتَ عَلَى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ فِي الْعَالَمِينَ، إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ .

Йа АллахӀ! Тхан эла волчу Мухьаммадах Хьайн къинхетам бе Ахь, хазчу хасторца хаставе Ахь иза, тхан эла волчу Мухьаммадан охӀлунах а Хьайн къинхетам бе Ахь, Айхьа тхан эла волу ИбрахӀим хесторе терра, тхан эла волу ИбрахӀиман охӀлунах а Айхьа къинхетам баре терра. Тхан элана Мухьаммадна а, цуьнан охӀлунна а Хьайн беркат а, ниӀмат а ло Ахь, Айхьа тхан элана ИбрахӀимна а, цуьнан охӀлунна а Ӏаламашкахь беркат даларе терра, баккъалла а, Хьо хастам бан хьакъ долуш а, Веза а ву![29] [иттозза эр ду]

سُبْحَانَ اللَّهِ، وَالْحَمْدُ لِلَّهِ، وَلاَ إِلَهَ إِلاَّ اللهُ، وَاللَّهُ أَكْبَرُ.

ЦӀена ву АллахӀ, хастам а бу АллахӀана, АллахӀ воцург кхин Дела а вац, АллахӀ массо хӀумнал воккха а ву![30] [бӀозза эр ду]

لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللهُ وَحْدَهُ لا شَرِيكَ لَهُ، لَهُ الْمُلْكُ ولَهُ الْحَمْدُ، وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ.

АллахI воцург кхин Дела вац, ша цхьаъ ву Иза, Цуьнца накъост а вац, паччахьалла Цуьнан ду, хастам а Цунна бу, Иза массо хIуманна тIехь ницкъ кхочуш а ву![31] [иттозза эр ду]

سُبْحَانَكَ اللَّهُمَّ وَبِحَمْدِكَ، أَشْهَدُ أَنْ لاَ إِلَهَ إِلاَّ أَنْتَ، أَسْتَغْفِرُكَ وَأَتُوبُ إِلَيْكَ.

ЦIена ву-кх Хьо йа АллахI, хастам а бу-кх Хьуна. Ас тешалла до Хьо воцург кхин Дела вац аьлла, Хьоьгара гечдар а доьху ас, Хьоьга тоба а до ас![32] [кхозза эр ду]

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ عَبْدِكَ وَ نَبِيِّكَ وَ رَسُولِكَ النَّبِيِّ الأُمِّيِّ وَعَلَى آلِهِ وَ صَحْبِهِ وَ سَلِّمْ تَسْلِيمًا عَدَدَ مَا أَحَاطَ بِهِ عِلْمُكَ وَ خَطَّ بِهِ قَلَمُكَ وَ أَحْصَاهُ كِتَابُكَ وَ ارْضَ اللَّهُمَّ عَنْ سَادَاتِنَا أَبِي بَكْرٍ وَ عُمَرَ وَ عُثْمَانَ وَ عَلِيٍّ وَ عَنِ الصَّحَابَةِ أَجْمَعِينَ, وَ عَنِ التَّابِعِينَ وَ تَابِعِيهِمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ.

Йа АллахI! Тхан эла а, Хьайн лай а волчу Мухьаммадах, Хьайн Пайхамарх, Хьайн Элчанах, дешаза хилла волчу Пайхамарх Хьайн къинхетам бе Ахь, хазчу хасторца хаставе Ахь иза; цуьнан охIлунах а, цуьнан асхьабех а къинхетам бе Ахь, маршалла а ло Ахь царна, Хьайн Iилмангахь Хьайна хууш долу хIума санна дукха, Хьан къоламо яздина хIума санна дукха, Хьан жайно шена чулаьцнарг санна дукха. Везан Дела! Тхан элий болчу Абу-Бакарна а, Iумарна а, Iусманна а, Iелина а реза хила Хьо, та́биIу́нашна а[1], къемат де кхаччалц цIенчу дагца царна тIахьабаьзначарна а!

﴿ سُبْحَـٰنَ رَبِّكَ رَبِّ ٱلْعِزَّةِ عَمَّا يَصِفُونَ ﴿١٨٠﴾ وَسَلَـٰمٌ عَلَى ٱلْمُرْسَلِينَ ﴿١٨١﴾ وَٱلْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ ٱلْعَـٰلَمِينَ ﴿١٨٢﴾ ﴾

➤Сийлахь цIена ву хьан Дела, нуьцкъаллин Дела, цара шена дуьйцучух; маршалла а хуьлда элчанашна; шаболу хастам АллахIана а бу, Iаламийн Эла волчу!➤[33]

[1] «Та́биIу́наш» - уьш асхьабаш дийна болчу хенахь уьш ган а гина, цаьрца цхьанакхетта хилла дика нах бу.

Зикр а, доIанаш а, церан дозалла а дуьйцу хьадисаш а, уьш долун меттигаш а, далилаш а.

---

[1] Лекха хин волчу Дала аьлла Къуръан чохь: ﴿Ткъа хьой Къуръан деша волалучу хенахь – хьо ларло АллахIаца, Цо Шена генадаьkkхинчу шайтIанах﴾.

Анаса – Дела реза хуьлда цунна – дийцина, вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира аьлла: « Ша Iуьйренга ваьлча аьлларг: *Хезаш а, гуш а волчу АллахIаца ларло со Цо шена гена даьkkхинчу шайтIанах!* – аьлла, суьйре кхаччалц шайтIанах ларвийр ву иза». [Ибн Сунний]

[2] Убайй ибн КаIбас дийцина – Дела реза хуьлда цунна – вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира аьлла: «Сайн са керахь долчу Делаца дуй буу ас, Таврат чохь а, Инжил чохь а, Забур чохь а, Къуръан чохь а доссийна ма дац "Ал-Фатихьат" санна сурат, хIора ламазехь юха-юха доьшуш долу ворхI аят а ма ду иза, соьга делла долу Деза Къуръан а ма ду иза». [Тирмизийс далийна и хьадис, "Дика а, нийса а хьадис ду иза" – аьлла цо].

Вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла: «"БисмиллахIиррохьманиррохьим" олуш дIадолош доцу лараме хIума беркат кIеззиг долуш хир ду». [Абу Давуд, иштта кхин берш а].

[3] Ибн МасIуда – Дела реза хуьлда цунна – аьлла: «Де дIадолалуш "Бакъарат" сурат тIера итт аят дешначунна суьйренга валлалц шайтIа герга догIур дац, ткъа уьш суьйранна дешначунна иза Iуьйренга валлалц шайтIа герга догIур дац, йа шена цадезаш долу хIума а гур дац цунна шен охIлунгахь а, шен даьхница а». [Даримий, БайхIакъийй 'ШуIаб'].

Ибн МасIуда – Дела реза хуьлда цунна – дийцина вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира аьлла: « "Бакъарат" тIера итт аят: иза дIадолош долу диъ аят а, аятул курсий а, цул тIаьхьа долу ши аят а, и сурат чекхдоkkхуш долу аяташ а шена чохь дешначу цIа чу шайтIа догIур ма дац Iуьйра хан кхаччалц». [ТIабараний 'Алкабир', Хьаким].

[4] Къасим ибн Iабдуррахьмана – Дела реза хуьлда цунна – дийцина, Пайхамарера схьа – Делера салават а, салам а хуьлда цунна –, Делан уггар йоkkха-йеза цIе кхаа сурат чохь ю аьлла: «Албакъарат» сурат чохь а, «А́л-Iимран» сурат чохь а, «ТIóхIá» сурат чохь а. Къасима элира: сайна иза хезча ас лехира и цIе, тIаkkха суна иза сурат «Албакъарат» чохь «Айатул-курсийй» юкъара «АллохIу ла илахIа илла хIувал хьаййул къаййуму» хилар хиира, сурат «А́л-Iимран» чохь «Алиф Лам Мим. АллохIу ла илахIа илла хIувал хьаййул къаййуму» хилар хиира, сурат «ТIóхIá» чохь «Ва Iанатил вуджухIу лилхьаййил къаййуми» хилар хиира». [Хьаким].

[5] Абу Дардаа дийцина – Дела реза хуьлда цунна – Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира аьлла: «ХIора дийнахь Iуьйранна а, суьйранна а ворхIазза хIара олуш хиллачунна, Сийлахь а, Нуьцкъала а волчу Дала цуьнан дуьненан а, эхартан а сингаттам дIаайбийр бу: «*АллахI кхачаме ву суна, Иза воцург кхин Дела вац, болх Цунна тIе билли ас, Иза – доkkхачу Iаршан Эла ву!*». [Ибн Сунний, Ибн Iасакир, Абу Давуд].

[6] Сурат «Ал-Исраъ» 110-111 аяташ. Абу Муса АлъашIарийс аьлла – Дела реза хуьлда цунна – : Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира: «Iуьйранна а, суьйранна а хIара аяташ доьшуш волчу стеган дог (Ийманах дIахадарца) лийр дац цу дийнахь а, буса а: «*Ахь ала: аш кхайкха АллахIе, йа аш кхайкха Къинхетаме волчуьнга…*» и сурат чекхдаллалц». [Дайламий (Муснадул Фирдавс)].

[7] Мухьаммад ибн ИбрахIим Аттаймис дийцина шен дас элира аьлла: «Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – тхо цхьана эскарца тIаме дахийтинера, цигахь цо тхуна омра дира Iуьйранна а, суьйранна а хIара аяташ деша аьлла: «*Шу моьтташ дара Оха шаьш забаренна кхоьллина…*» оха уьш деша а дешара, толам а, хIонс а яьkkхира, маьрша юха а дирзира». [Ибн Сунний, Абу НаIийм, Ибн МандахI].

[8] Iаббаса кIанта IабдуллахIа дийцина – Дела реза хуьлда цунна а, цуьнан дена а – Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира аьлла: «Ша Iуьйренга ваьлча хIара аяташ дешнарг: "Аш хьеха ве АллахI шаьш суьйренга довлучу хенахь а…" – бохучера дIадолийна, - "иштта, (цунах терра) шу а (деллачара) схьадохур ду (кешнаш чура)" – бохуче кхаччалц, цунна мел хир бу цу дийнахь цо даза диссина долчу диканна (вирд санна долу, йа кхин долу дика), ткъа и аяташ суьйранна дешначунна а мел хир бу цо цу буьйсанна даза диссина долчу диканна». [Абу Давуд].

[9] Абу ХIурайрас – Дела реза хуьлда цунна – аьлла: Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира: «"Хьа Мим – Алмуъмин" цIе йолу суратан доххьара аяташ "…дерзар Цуьнга ду!" бохуче кхаччалц а,

“Айатул Курсий” а Iуьйранна дешнарг суьйре хиллалц цаьршинца ларвийр ву, ткъа и шиъ суьйранна дешнарг Iуьйре кхаччалц цаьршинца ларвийр ву». [Тирмизий, Даримий, Ибн Сунний, Мирвазий].

[10] Абу Умаматас – Дела реза хуьлда цунна – дийцина, Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира аьлла: «“Ал-Хьашр” суратан тIаьххьара аяташ буьйсанна, йа дийнахь дешча, тIаккха уьш дешначуьнан цу дийнахь, йа цу буса валар нислахь, Дала цунна ялсамане хилийтар Шена тIелаьцна ду». [БайхIакъий].

[11] Ибн Iаббаса – Дела реза хуьлда цунна а, цуьнан дена а – вайн Пайхамарера – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – схьа дийцина: «“Изá зулзилат” олу сурат ах Къуръан санна сурат ду». [Тирмизий, Хьаким].

[12] Ибн Iаббасан – Дела реза хуьлда цунна а, цуьнан дена а – хьадисехь деана ду: «“Къул йá аййухIал кáфирýн” олу сурат Къуръанан доьалгIа дакъа санна ду». [Тирмизий, Хьаким].

[13] Анаса – Дела реза хуьлда цунна – дийцинчу хьадисехь деана ду, Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – шен цхьана асхьабе элира аьлла: «“Изá жáа насруллóхIи вал фатхь” олу сурат ца хаьа хьуна?» Цо жоп делла: «Дера хаьа». Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла тIаккха: «Къуръанан доьалгIа дакъа (санна) ду хьуна иза». [Тирмизий].

[14] IабдуллахI ибн Хубайба дийцина – Дела реза хуьлда цунна –: «Тхо цхьана чIогIа Iаьржа буьйсанна арадевлира, догIуш догIа а долуш, Делан Элча – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – лохуш, цуьнга тхаьшца ламаз дайта, тIаккха тхуна иза карийра. Цо соьга элира: “Схьа ала!” Ас хIумма а ца элира цуьнга. Цо юха а элира: “Схьа ала!” Амма ас юха а хIумма ца элира. Цо юха а элира соьга: “ДIа ала!” ТIаккха ас элира: “ХIай Делан Элча! ХIун ала ас?” Цо элира: “Къул хIуваллóхIу ахьад” а, ши МуIаввизат (Къул аIýзу) а деша суьйранна а, Iуьйранна а кхокх-кхозза, уьш массо (вочу) хIуманна тоьар ду хьуна». [Абу Давуд, Тирмизий, Насаий].

[15] Абу ХIурайрас – Дела реза хуьлда цунна – аьлла: «Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – ша Iуьйренга ваьлча иштта алара: “*Тхо Iуьйренга доьвлла, хIокху Iуьйранна паччахьалла АллахIан ду, хастам а бу АллахIана, накъост вац Цуьнца, Иза воцург кхин дела вац, дерзар Цуьнга а ду* ”, ша суьйренга ваьлча иштта алара: “ *Тхо суьйренга доьвлла, хIокху суьйренан паччахьалла АллахIан ду, хастам а бу АллахIана, накъост вац Цуьнца, Иза воцург кхин дела вац, дерзар Цуьнга а ду* ”». [Ибн Сунний, Албаззар, БайхIакъис аьлла: "Цуьнан иснад дика ду"].

[16] Убайй ибн КаIба – Дела реза хуьлда цунна – аьлла: «Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – тхуна хьехара тхаьш Iуйренга доьвлча оха аладезарг: “*Вай Iуьйренга доьвлла Бусалба дин тIехь, Ихласан (Iамал Делан доьхьа хиларан) дош тIехь а, вешан Пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – дин тIехь а, вешан ден ИбрахIиман миллат тIехь а – цхьана АллахIана Iибадат деш волу хьаниф хилла волчу, бусалба хилла волчу, АллахIаца накъост вечарах а ца хилла волчу*”; суьйренга доьвлча а уьзза олуш дара». [Имам Ахьмадера цуьнан кIанта IабдуллахIа дийцина хIара хьадис, «Заваид» жайни чохь].

[17] Ибн Iаббаса – Дела реза хуьлда цунна а, цуьнан дена а– аьлла: «Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира: “Iуьйранна а, суьйранна а кхокх-кхозза хIара дешнаш аьллачунна Делан хьакъ хир ду Цо Шен ниIмат цунна тIехь кхочуш дан: *Йа АллахI! Со Iуьйренга ваьлла Хьоьгарчу ниIматца а, къинхетамца а, Iуналлийца а, ткъа Ахь суна тIехь кхочуш дехьа Хьайн ниIмат а, къинхетам а, Iуналла а, дуьненахь а, эхартахь а*”». [Ибн Сунний].

[18] IабдуллахI ибн ГIаннам Албаййасис – Дела реза хуьлда цунна – дийцина вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира аьлла: «Iуьйранна хIара дешнаш аьллачо “*Йа АллахI! ХIокху Iуьйранна соьца долу ниIмат а, я Ахь кхоьллина долчу Хьан халкъаца долу ниIмат а Хьоьгара цхьаьнгара ду, цхьа а накъост вац Хьоьца, хастам бу-кх Хьуна, шукр (баркалла) а ду-кх Хьуна!*” шена цу дийнахь тIехь хилла шукр дар тIерадаькккхи цо, ткъа и дешнаш суьйранна аьллачо шена цу буьйсанна тIехь хилла шукр дар тIерадаькккхи цо». [Абу Давуд, Насаий, Ибн Хьиббан].

[19] Iумаран кIанта IабдуллахIа дийцина – Дела реза хуьлда цаьршинна шинне а – Делан Элчано шайна дийцира аьлла: «Цхьана Делан лайно аьлла хилла: - “*ХIай сан Дела! Хьуна хастам бу-кх, хьан юьхьан сийлахьаллийца а, хьан паччахьаллин а, ницкъан а доккхаллийца а богIуш ма-барра!*” – аьлла, тIаккха цуьнан гIулкхаш дIаяздеш долчу шина малийкана цу дешнийн дозаллийна уьш дIа муха яздийр ду ца хиъна, тIаккха и шиъ стигала хьала а даьлла, аьлла цаьршимма: ХIай тхан Дела! Бакъдолуш, Хьан лайно цхьа алар аьлла, тхойшина дIа муха яздан деза ца хууш долу. Нуьцкъала а, Силахь а волчу АллахIа аьлла тIаккха – Шен лайно аьлларг цаьршиннал гIолий хууш воллушехь -: “ХIун аьлла Сан лайно?” Цаьршимма жоп делла: “ХIай тхан Дела! Цо аьлла: *ХIай сан Дела! Хьуна хастам бу-кх, хьан юьхьан сийлахьаллийца а, хьан паччахьаллин а, ницкъан а доккхаллийца а богIуш ма-барра!*”. ТIаккха Нуьцкъала а, Сийлахь а волчу АллахIа аьлла цаьршинга: “ДIаязде иза, Сан лайно иза ма-аллара, иза Суна доьхьал валлалц, тIаккха Ас цунна цо аьллачуьнца диканца бекхам а баллалц”» [Ахьмад, Ибн МаджахI].

[20] Абу Салама дийцина – Дела реза хуьлда цунна – вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – олуш хезира шена аьлла: «Iуьйранна а, суьйранна хIара дешнаш аьллачунна Дала Шена хьакъ дина тIелаьцна ду иза реза вар: "*Со реза хили АллахI сайн Дела хиларна, Ислам сайн дин хиларна а, Мухьаммад сайн элча а, пайхамар а хиларна а!*"». [Абу Давуд, Тирмизий, Насаий, Хьаким].

[21] АллахIах тешаш болчийн Нана йолчу, вайн Пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – хIусамнанас Жувайрийата дийцина – Дела реза хуьлда цунна – Пайхамар ша йолчара Iуьйранна ара велира аьлла, Iуьйра ламаз динчул тIаьхьа, ша шен маьждиг чохь хиъна Iаш а йолуш, тIаккха малх дикка хьалабаьлча юхавеара иза, Жувайрийат цу чохь хиъна Iаш а карийра цунна, тIаккха цо элира: "Вайшиъ Iуьйранна дIасакъаьстачу хенахь хьой ма-хиллара хиъна Iаш ю-кх хьо хIинца а?" Цо элира: "ХIаъ, ю". ТIаккха Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира: "Вайшиъ дIасакъаьстинчул тIаьхьа ас цхьа диъ дош элира кхозза, ахь Iуьйранна дуьйна схьа аьллачуьнца дуьстича цхьатера а хир дара хIорш: *ЦIена ву АллахI, хастам а бу Цунна: Цо кхоьллина мел долу халкъ санна дукха, Иза Ша реза волччул, Цуьнан Iарш деза хилар санна, Цуьнан (чекхдоьвр доцу) дешнаш санна дукха!*". [Муслим].

[22] Iусман бин Iаффана дийцина – Дела реза хуьлда цунна – Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира аьлла: «Делан лайшха муьлххачо а хIора дийнахь Iуьйранна а, хIора буьйсанна суьйранна а хIара дешнаш кхокх-кхозза алахь цунна цхьа а хIумано зен дийр дац: *АллахIан цIарца, Шен цIарца хилча лаьттахь а, стиглахь а долчу цхьа а хIумано зен ца деш волчу (АллахIан цIарца), Иза Хезаш а, Хууш а ву!*». [Абу Давуд, Тирмизий].

[23] Абу Муса Ал-АшIарийс дийцина – Дела реза хуьлда цунна –: «Цхьана дийнахь Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – тхуна хутIба (хьехам) бира, цу юккъахь цо элира: "ХIай адамаш! Ларло оцу Делаца накъост варха, бакъдолуш иза зингатан боларал а къайлах ду шуна". ТIаккха цуьнга цхьаболчара элира: "ХIай Делан Элча! Иза зингатан боларал а къайлах хилча тхо муха лардала деза цунах?" ТIаккха цо элира: "Аш ала: *Йа АллахI! Тхо Хьоьца ларло тхаьш Хьоьца накъост лацарх тхо хууш а долуш, оха Хьоьгара гечдар а доьху тхаьшна ца хуучунна!*"». [Ахьмад, ТIабараний, Абу ЙаIла. Абу ЙаIлас далийначу хьадисехь иза кхозза ала аьлла деана ду].

[24] Абу ХIурайрас дийцина – Дела реза хуьлда цунна – вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира аьлла: «Ша суьйренга ваьлча хIара дешнаш аьллачунна цхьа а дIоьвшо зен дийр дац: *Со ларло АллахIан кхачаме долчу дешнашца, Цо кхоьллинчу массо хIуманийн вонах!*». [Ибн Хьиббан].

[25] Абу СаIид Алхудрий цIе йолчу асхьаба – Дела реза хуьлда цунна – дийцина: «Цхьана дийнахь Делан Элча – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – маьждиг чу ваьллачу хенахь, Ансарашна юкъара Абу Умамат цIе йолуш цхьа стаг карийра цунна цу чохь, тIаккха Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – цуьнга элира: "ХIай Абу Умамат! Маьждиг чохь хиъна Iаш ма ву хьо, хIара ламаз хан йоццушехь?" Цо элира тIаккха: "Цхьацца сингаттамаша а, декхарша а лаьцна ву со, хIай Делан Элча" ТIаккха цо элира: "Ас цхьа дешнаш Iамаде хьуна, ахь уьш аьлча хьан сингаттамаш а дIабоьвр болу, Дала хьан декхарш дIатакхарехь а хьуна гIо дийр долу?" Цо элира: "ХIаъ хIай Делан Элча, Iамадехьа суна уьш!" ТIаккха Делан Элчано элира: "Хьой Iуьйренга ваьлча а, суьйренга ваьлча а хIара ала ахь: "*Йа АллахI! Со ларло Хьоьца сингаттамах а, сагатдаларх а. Со Хьоьца ларло кIелвисарх а, малонах а. Со Хьоьца ларло осалаллех а, бIаьрмецигаллех а. Со Хьоьца ларло декхаро лацарх а, суна тIехь толам баккхарх а!*" Абу Умамата цул тIаьхьа дийцара: "Ас и дешнаш ала а элира, Дала сан сингаттам дIа а баьккхира, сан декхар дIа а такхайтира"» [Абу Давуд].

[26] Iабдуррахьман ибн Аби Бакрат цIе йолчу асхьаба – Дела реза хуьлда цунна – дийцина, ша шен дега Абу Бакрате элира аьлла: «ХIай сан да (дада)! ХIора Iуьйранна ахь хIара дешнаш олуш хеза-кх суна: "*Йа АллахI! Суна сан дегIан могшалла ло Ахь, йа АллахI, суна сан хазаран могшалла ло Ахь, йа АллахI, суна са бIаьрсин могшалла ло Ахь! Йа АллахI! Со Хьоьца ларло керсталлах а, мискаллех а. Везан Дела! Со Хьоьца ларло кошан Iазапах, Хьо воцург кхин Дела вац-кх!*" Iуьйранна а кхозза олу ахь иза, суьранна а кхозза олу ахь иза!» ТIаккха цуьнан дас аьлла: «Бакъдолуш, Делан Элчано оцу дешнашца доIа деш хезза суна, ткъа суна цуьнан суннатца ваза лаьа». [Абу Давуд].

[27] Шаддад ибн Авс цIе йолчу асхьаба – Дела реза хуьлда цунна – дийцина, Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира аьлла: «Гечдар дехаран доIанашна юкъахь эла санна (уггар деза) долу доIа хьара ду: "*Йа АллахI! Хьо ву сан Эла, Хьо воцург кхин Дела вац, Ахь кхоьллина со, со Хьан лай ву, сайн ницкъ ма-кхоччу Хьан ваIд тIехь (Хьуна муьтIахь) ву со, со ларло Хьоьца айса динчун вонах, со къера ву Ахь суна динчу ниIматна, со къера ву сайн къиношна а, ткъа Ахь гечдехьа суна, баккъалла а къиношна гечдеш верг Хьо бен вац-кх!*" Нагахь санна цунах баккъалла а теша а тешаш суьйранна аьлча, тIаккха и аьллачун цу буса валар нислахь иза йалсамане гIур ву, нагахь санна цунах баккъалла а теша а тешаш иза Iуьйранна ала а аьлла, и аьлларг цу дийнахь лахь – иза йалсамане гIур ву». [Бухари а, иштта кхин берш а].

[28] Пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – гIоьнча хилла волчу Зайд цIе йолчу асхьаба дийцина: «Суна сан дас дийцира, сан дедегара, цунна хезна хиллера аьлла, Пайхамара – Делера салават а,

салам а хуьлда цунна – олуш: «*АллахIе гечдар доьху ас, Ша воцург кхин Дела воцуш волчу, Дийна волчу, даим волуш волчу, Цуьнга тоба а до ас!* - аьлла, и дешнаш аьллачунна Дала гечдийр ду, тIема юкъара иза ведда хиллехь а».

[29] Абу Дарда́а дийцина – Дела реза хуьлда цунна – Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира аьлла: «Ша Iуьйренга волуш суна итт салават диллинчунна а, ша суьйренга волуш а суна итт салават диллинчунна а къемат дийнахь сан шафаIат хир ду». [ТIабараний].

[30] ШуIайба кIанта Iамрас дийцина шен дегара ШуIайбера, цуьнан дегара схьа – Дела реза хуьлда царна – Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира аьлла: «Iуьйранна бIозза тасбихь динчунна а, суьйранна бIозза тасбихь динчунна а бIозза хьадж динчунна санна мел бу; Iуьйранна бIозза Дела хастийначунна а, суьйранна а бIозза Дела хастийначунна а цхьа бIе говрана тIехь Дела некъахь тIом бинчунна санна мел бу {йа иштта элира цо: бIозза гIазот динчунна санна мел бу}; Iуьйранна бIозза "ЛаилахIа иллаллахI" аьллачунна а, суьранна а бIозза "ЛаилахIа иллаллахI" аьллчунна а ИсмаIилан тIаьхьенах цхьа бIе стаг лай волчара дIахецча санна мел бу; Iуьйранна бIозза "АллахIу акбар" аьлларг а, суьйранна "АллахIу акбар" аьлларг а – цу дийнахь цул дукха цуьнца мел хуьлуш хир вац цхьа а, цо аьлларг санна аьлча бен, йа цул дукха аьлча бен». [Тирмизий, Насаий].

[31] Абу Аййуба дийцина – Дела реза хуьлда цунна – вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира аьлла: «Ша Iуьйренга волучу хенахь иттозза хIара аьлларг: "*АллахI воцург кхин Дела вац, ша цхьаъ ву Иза, Цуьнца накъост а вац, паччахьалла Цуьнан ду, хастам а Цунна бу, Иза массо хIуманна тIехь ницкъ кхочуш а ву!*" – Сийлахь а, Нуьцкъала а волчу АллахIа цо хIоразза иза мел олу итт дика яздийр ду цунна, итт къа дIадойъур ду цуьнан, итт даржехь лекха воккхур ву иза, итт лай паргIат ваьккхича санна мел хир бу цу дешнех цунна, де дIадола делчахьана дуьйна цуьнан чаккхенга кхаччалц и дешнаш аьллачунна дика хир ду церах; ткъа церал чIогIа долу, мелехь деза долу хIума хир дац цу дийнахь, ткъа нагахь санна цо уьш суьйранна а алахь – кхин а оццул мел хир бу цунна». [Ахьмад, ТIабараний, СаIид ибн Мансур, иштта кхин берш а].

[32] Жубайр ибн МутIIима дийцина – Дела реза хуьлда цунна – Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира аьлла: «Зикр деш йолчу мажлисехь хIара дешнаш аьллачунна: "*ЦIена ву-кх Хьо йа АллахI, хастам а бу-кх Хьуна. Ас тешалла до Хьо воцург кхин Дела вац аьлла, Хьоьгара гечдар а доьху ас, Хьоьга тоба а до ас!*" – цо дина зикр чIагIдеш тIетуху мухIар санна хир ду уьш. Иэрна къамел деш хиллачу мажлисехь и дешнаш аьллачунна церах цунна каффарат (цуьнгара оцу мажлисехь даьлла иэрна къамелан къа дIадоккхуш дерг) а хир ду церах». [Насаий, ТIабараний, Хьаким, иштта кхин берш а].

[33] Делан гергарчу стага Имама Нававийс аьлла – Дала къинхетам бойла цунах, Дала цуьнгахь хиллачу Iилманца вайна беркат а дойла, цуьнан жайнаш дешарца а, уьш дезарца а, иза везарца а вай вешан динан Iилмангахь сов а дохийла – шен «Ал-Азкар» цIе йолчу жайнахь: «Вайга кхаьчча ду "Хьилйатул Авлийаъ" цIе йолчу жайни чохь Iелас аьлла долу дешнаш – Дала юьхь сийлахь йойла цуьнан -: «Шен терза уггар дикчу, безчу мелаца озийта лууш волчо шен мажлис чекх йолуш, йа ша хьалагIоттуш хIара дешнаш олийла: ➤*Сийлахь цIена ву хьан Дела, нуьцкъаллин Дела, цара шена дуьйцучух; маршалла а хуьлда элчанашна; ша-болу хастам АллахIана а бу, Iаламийн Эла волчу!*➤».

ХIокху жайнах лаьцна шайна хетарг, я гочдарх лаьцна шайн ала хIума делахь, дехар ду, гочдархочуьнга кехат яздар хIокху e-mail тIе:

chechen_eagle@yahoo.com